



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN PWEN NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2019 LA POU REJYON MID-HUDSON VALLEY A

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la Pwoteje Kontribiyab yo kont Atak Federal Washington ap fè sou yo a

Fè Vanse Plan pou Kreye Wout, Transpò Komen ak Sant Devlopman Ekonomik nan Vil Woodbury a

Gouvènè a te Mete Aksan sou Plan pou Modènize Ayewopò Stewart la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gran pwen rejyonal Mid-Hudson Valley lan yo nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan - ki ap kontinye ak efò eta ap fè pou reyalize pwomès gouvènman pwogresis lan lè yo pwoteje kontribiyab yo kont aksyon federal devastatè an, ranfòse klas mwayèn lan, redwi enpo yo epi fè investisman entelijan nan avni Mid-Hudson Valley. Pou yon wityèm ane konsekitif, Bidjè a ekilibre epi li kenbe pwogresyon depans lan pi ba pase de pousan.

“New York te fè anpil pwogrè konsiderab pandan uit ane ki sot pase yo lè yo restore disiplin fiskal nan eta a, fè investisman entelijan nan devlopman ekonomik ak enfrastrikti, epi asire eta se yon flanbo pwogrè pou nasyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Bidjè Ane Fiskal 2019 la ap ajoute sou rekò solid nou an epi l ap kontinye fè New York vanse devan, lè nou pwoteje kontribiyab yo kont atak federal la, kreye djòb ak investi nan edikasyon, epi reyalize politik pwogresis kouraje yo pou kapab fè New York vin yon eta ki pi jis ak pi ekitab pou tout moun.”

Gran Pwen Bidjè Eta Ane Fiskal 2019 la pou Mid-Hudson Valley:

- Kontinye Rediksyon Enpo Klas Mwayèn lan - an 2018, 489,115 kontribiyab nan Mid-Hudson yo pral gen rediksyon 298 dola sou enpo yo an mwayèn, k ap ogmante rive 648,238 kontribiyab Mid-Hudson ki pral gen rediksyon 831 dola sou enpo yo an mwayèn an 2025.
- Elve revni elijibilite pou Bous Detid Excelsior la rive 110,000 dola pou fanmi klas mwayèn yo; 41 pousan etidyan Mid-Hudson ki nan inivèsite leta yo kounye a yo ale nan inivèsite san frè eskolè kòm konsekans pwogram lan

- Ogmante 79.8 milyon dola sou Èd pou Lekòl (School Aid) Mid-Hudson Valley yo, ki gen ladan ogmantasyon 22.0 milyon dola nan Foundation Aid - k ap fè l rive 2.4 milya dola ototal.
- Enkli 12 milyon dola pou enfrastrikti etid siperyè nan SUNY.
- Kontinye 300 Milyon Dola Envestisman Istorik Fon Pwoteksyon Anviwonmantal (Environmental Protection Fund, EPF) la
- Fè Vanse 2.5 milya dola pou Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act) toupatou atravè eta a.
- Lanse Illèm Faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la.
- Fè vanse plan pou Kreye Wout, Transpò Komen ak Sant Devlopman Ekonomik nan Woodbury.
- Gen ladan 10 milyon dola nan finansman kapital pou konplèks touristik eski Belleayre Ski Resort la.
- Sipòte 28 Milyon Dola Brasri Sake nan Hyde Park la.
- Sipòte 10.2 Milyon Dola Agrandisman Izin Fabrikasyon Manje Café Spice la nan Beacon.

Lòt inisyativ ak envestisman konsiderab ki nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2019 la yo Rejyon Mid-Hudson Valley a pral benefisye de yo gen ladan:

Kenbe New York Konpetitif sou Plan Ekonomik

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la pran mezi agresiv pou pwoteje Nouyòkè yo kon efè devastatè atak gouvènman federal la ap fè sou enpo a, kontinye ak mete rediksyon enpo pou klas mwayèn lan an aplikasyon, fè vanse efò pou kapab amelyore klima biznis New York lan, epi amelyore ekitabibilite nan sistèm fiskal la.

Lite kont Atak Gouvènman Federal la ap Fè sou Enpò a

Lwa sou enpo federal ki te adopte resamman an se yon daso sou New York. Lè yo dechèpiye dediktibilite enpo lokal ak eta yo, lwa a ap efektivman ogmante enpo sou revni eta ak enpo lokatif yo pou fanmi klas mwayèn yo. Sou Gouvènè Cuomo, New York ap batay an repons kont plan federal la ansanm ak pèt alafwa dediktibilite enpo revni yo ak dediktibilite enpo lokatif yo.

Nouvèl lwa federal la ap gen efè nan yon fason dispwopòsyone sou Eta New York, ki deja ap voye 48 milya dola an plis chak ane bay Washington pase lajan federal li resevwa. Selon yon rapò resan ki te pibliye pa Depatman Enpo ak Finans nan Eta a (State Department of Tax and Finance), eliminasyon dediktibilite total SALT yo sèlman sa pral koute New York yon 14.3 milya dola adisyonèl.

Nan rejyon Mid-Hudson Valley a, eliminasyon konplè dediktibilite SALT la pral gen efè sou 334,000 kontribiyab Mid-Hudson yo.

Gouvènè Cuomo te lanse yon efò a twa fasèt pou lite kont atak gouvènman federal ka ap fè sou enpo a nan New York. Premye etap nan kowalisasyon ki gen plizyè eta a sa pou tradwi gouvènman federal la lajistis, ki gen ladan New York, Maryland, New Jersey ak Connecticut. Dezyèm branch nan efò a se pou lanse yon estrateji rejte epi ranplase,

epi twazyèm branch nan efò a se pou eksplòre fezabilite yon chanjman majè nan estrikti politik fiskal Eta a.

New York pral angaje espesyalis fiskal yo, toulède chanm ki nan lejislati a yo, patwon yo, ansanm ak lòt pati konsène yo nan yon pwosesis apwofondi kolaboratif pou pwodwi yon pwopozisyon ki ap pwomouvwa ekitabibilite pou kontribiyab New York yo, epi sovgade konpetitivite ekonomi New York la. Amandman 30 jou yo ajoute nan Bidjè Egzekitif la gen ladan prezèvasyon dediktibilite SALT yo atravè yon sistèm opsyonèl ki baze sou anplwayè yo, kreye nouvo fon pou don charitab yo, epi dekouple New York soti nan kòd taks federal la.

Kontinye Rediksyon Enpo Klas Mwayèn lan

Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. An 2018, 489,115 kontribiyab Mid-Hudson pral gen 298 dola rediksyon sou enpo yo anmwayèn. An 2025, 648,238 kontribiyab Mid-Hudson pral gen 831 dola rediksyon sou enpo yo anmwayèn. Yon fwa ke li fin rantre an vigè totalman, nouvo nivo yo pral nan pi ba nivo yo nan plis pase 70 ane - bese soti 6.45 rive 5.5 pousan pou revni ki klase ant 40,000 dola - 150,000 dola ak 6.65 rive 6 pousan pou revni ki klase ant 150,000 dola - 300,000 dola. Nouvo nivo enpo ki pi ba yo pral ekonomize moun New York klas mwayèn yo 4.2 milya dola, chak ane, apati 2025.

Fè Vanse Sèvis Pataje yo

Avèk inisyativ Sèvis Pataje a, Gouvènè Cuomo te pran yon angajman istorik pou redwi enpo lokatif lokal yo pou plizyè milyon Nouyòkè. Premye plan sèvis pataje ki nan kad lwa Inisyativ Sèvis Pataje Atravè tout Konte Eta New York la (County-Wide Shared Services Initiative) gen ladan 389 pwopozisyon k ap rive 208 milyon dola otototal nan ekonomi yo prevwa pou ane 2018 la. Pou ajoute sou siksè sa, bidjè a gen ladan 225 milyon dola pou fè panèl sèvis pataje yo vin pèmanan epi korije divès baryè biwokratik ki anpeche lokalite yo gen sèvis pataje yo epi konresponn ekonomi yo.

Envesti nan Djòb ak Enfrastrikti

Fè Vanse Plan pou Modènize Ayewopò Stewart la

Ajanda Gouvènè a pou 2018 la fè vanse yon plan pou modènize, agrandi ak chanje imaj Ayewopò Stewart la. Modènizasyon ayewopò a pral ogmante aksè a destinasyon avèk atraksyon ki gen kalib mondyal toupatou atravè rejyon Mid-Hudson Valley a lè yo soutni konstriksyon yon estasyon enspeksyon federal (federal inspection station, FIS) pèmanan pou Ladwàn ak Pwoteksyon Frontyè Etazini an (U.S. Customs and Border Protection). Nouvo estasyon enspeksyon federal lan pral pèmèt ayewopò an jere vòl domestik ansanm ak vòl entènasyonal, e l ap amelyore eksperyans tout vwayajè yo. Anplis de sa, nan kad efò modènizasyon sa a, epitou pou rann li pi fasil pou moun rekonèt non li, yo pral chanje imaj ayewopò a pou l vin tounen Ayewopò Entènasyonal Stewart New York la (New York Stewart International Airport).

Fè vanse plan pou Kreye Wout, Transpò Komen ak Sant Devlopman Ekonomik Woodbury a

Ajanda Gouvènè a pou 2018 la gen ladan kreyasyon wout, transpò komen ak sant devlopman ekonomik nan vil Woodbury a. Pwojè konstriksyon an, ki te kòmanse an Novanm lan, pral ranfòse kwasans sektè touris la ak kwasans ekonomik nan rejyon an, pandan l ap redwi blokis, anbouteyaj ak aksidan pa plis pase 50 pousan azalontou Woodbury Common lan. Atravè itilizasyon yon Akò Travay Pwojè (Project Labor Agreement, PLA), yo prevwa nouvo wout, transpò komen ak sant devlopman ekonomik lan pral kreye 700 djòb pandan dire pwojè a.

Vanse Amelyorasyon Kapital nan Belleayre Ski Resort yo

An 2017, Gouvènè Cuomo te anonse yon investisman 8 milyon dola pou konstwi yon gondòl nan Belleayre Ski Resort. Depi ouvèti gondòl la, kantite vizitè nan konplèks touristik la te ogmante pa prèske 10 pousan. Bidjè Ane Fiskal 2019 la gen ladan 10 milyon dola adisyonèl nan finansman kapital pou amenajman modèn estratejik k ap fèt nan Belleayre, sa k ap kontinye transfòmasyon k ap fèt nan konplèks touristik la.

Sipòte 10.2 Milyon Dola Agrandisman Izin Fabrikasyon Manje Café Spice la nan Beacon

Bidjè Ane Fiskal 2019 la sipòte Café Spice, ki se yon konpayi ki prepare manje frè fanmi posede, k ap investi 10.2 milyon dola pou yo agrandi nan rejyon Hudson Valley a. Pwojè a pral retri 133 djòb epi ajoute 151 djòb adisyonèl pandan 5 ane k ap vini yo. Empire State Development (ESD) te ofri prim ankourajman ki vo jiska 5 milyon dola. Akoz prim ankourajman ESD yo, konpayi a te kapab rete an Eta New York epi ajoute 151 djòb nan ekonomi Hudson Valley a.

Sipòte 28 Milyon Dola Brasri Sake nan Hyde Park la

Bidjè Ane Fiskal 2019 la sipòte yon patenarya monimantal ant Asahi Shuzo International Co., Ltd., fabrikan renonme mondyal DASSAI premium Junmai Daiginjo a, ak Enstiti Kilinè Amerik la (Culinary Institute of America, CIA) pou tabli pi gran brasri sake New York la ak premye brasri sake nan rejyon Hudson Valley a—k ap fè vanse edikasyon ak sansibilizasyon sou sake nan Etazini. CIA—avèk sipò Asahi Shuzo—pral devlope pwogram etid, pwogram sètifikasyon, atelye, ak evènman espesyal ak goute. Nan kad kolaborasyon sa a, Asahi Shuzo pral konstwi premye brasri y ap gen nan Etazini an nan Hyde Park, mwens pase de kilomèt de kanpis CIA a. Yo prevwa konstriksyon nouvo brasri a - ki sitiye nan kwen Route 9 ak St. Andrews Road - ap kòmanse nan prentan 2018 la, avèk yon ouvèti ki pwograme pou kòmansman 2019 la. Nan kapasite maksimòm, brasri a pral pwodwi 332,640 galon sake pa ane.

Pou ankouraje ekspansyon Asahi Shuzo a nan New York, Empire State Development te ofri brasri ki baze Ojapon an jiska 588,235 dola kredi fiskal ki baze sou pèfòmans, atravè Pwogram Travay Eksèlèsyò a (Excelsior Jobs Program). Asahi Shuzo pral investi plis pase 28 milyon dola nan etablisman an pou kreye 32 nouvo djòb.

CIA ak Asahi Shuzo pral chache opòtinite rechèch ak devlopman tou pou yo idantifye plis fason kouman yo ka itilize sake ak pwodwi derive ki soti nan pwosesis pwodiksyon

sake a yo pou agrandi opsyon gou manje ak teknik kilinè yo, ansanm ak potansyèl pou nouvo liy pwodwi abaz sake yo.

Rekonstriksyon Pon ak Wout Lokal yo

Bidjè Ane Fiskal 2019 ki gen ladan 47.4 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal sou Mid-Hudson Valley atravè pwogram CHIPS la. Anplis de sa, bidjè a bay 10.8 milyon dola nan finansman pou wout lokal Mid-Hudson Valley yo atravè pwogram PAVE NY la. Bidjè a te ofri èd transpò komen rekò 56.7 milyon dola pou Konte Westchester a ak 4.8 milya dola pou MTA.

Fè Vanse Ajanda Fanm yo Kalandriye is Calendar

Gouvènè Cuomo te pwopoze yon Ajanda Fanm 2018 pou New York (Women's Agenda for New York) solid, avèk plis pase 30 pwopozisyon pou fè vanse egalite ak pwomouvwa opòtinite nan sante, sekirite, milye travay ak lavi fanmi pou fanm ak fi. Gouvènè te pwopoze lejislasyon tou pou anpeche moun sèvi ak lajan leta pou rezoud ka reklamasyon nan kad asèlman seksyèl kont yo, pou anile politik nan kontra anplwaye yo ki fòse abitraj, epi pou egzije nenpòt konpayi ki nan biznis avèk eta a pou li divilge kantite akizasyon asèlman seksyèl ak akò konfidansyalite yo te egzekite. Anplis de sa, Gouvènè a te prezante gran pwen yon plan global pou rann “sèkstòsyon” ak pònografi san konsantman, sa yo konn souvan rele “pòn revanj lan” ilegal. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Ajanda Fanm 2018 Gouvènè a ki disponib [isit la](#), [isit la](#) ak [isit la](#).

Asire Jistis Egal pou Tout Moun

Gouvènè Cuomo te fè vanse refòm jistis kriminel konsiderab yo pandan manda li nan biwo a, amelyore chak nivo nan sistèm jistis lan soti depi nan arestasyon pou rive nan reyentegrasyon nan kominote a. Yo te adopte twa refòm majè sa yo ane pase an, ki enkli Ogmante Laj responsabilite kriminel lan, elaji rezolisyon Hurrell-Harring revolisyone an ki nesèsè pou refòm defans kriminel yo nan tout eta a, epi egzije fòs lapolis yo pou yo anrejistre sou videyo entèwogasyon pou kontravansyon ki grav yo, menm jan ak pèmèt idantifikasyon temwen ki byen fèt yo pou vin tounen evidans nan jijman an.

An 2018, New York pral ajoute sou pwogrè solid sa atravè retablisman ekitabibilite debaz nan sistèm jistis kriminel eta nou an avèk yon pakè refòm ki gen plizyè fasèt, ki gen ladan:

- Elimine kosyon monetè pou moun ki ap fè fas a akizasyon pou deli minè ak enfraksyon ki pa vyolan yo.
- Elaji pwosesis dekouvèt lan pou li enkli revelasyon enfòmasyon yo nan yon delè ki apwopriye, ki enkli evidans ak enfòmasyon ki favorab pou defans lan; ekspozisyon ki previ yo; evidans opinyon ekspè yo; enfòmasyon sou istwa kriminel temwen yo; ak enfòmasyon sou manda fouy yo;
- Redwi reta ki pa nesèsè yo ak sispansyon nan pwosedi tribinal yo, ki ap ekzije ke moun ki enkasere yo - pa sèlman avoka yo - konsanti a yon abandon jijman

akselere ki dwe apwouve pa yon jij, epi asire ke defansè yo pa enkasere lè sa pa nesesè lè pouswit lajistis yo pa rive respekte delè yo.

- Entèdi tout konfiskasyon byen yo amwens ke yo te fè yon arestasyon, epi ranfòse egzijans rapò yo pou fòs lapolis lokal yo ak Avoka Distrik yi; epi
- Amelyore pwosesis reyentegrasyon an pou moun ki ap fè tranzisyon soti nan prizon pou rantre nan kominote yo.

Fè Vanse Kalandriye Demokrasi a

Jan yo te pwouve sa nan eleksyon 2016 lan, rezo sosyal yo se yon zouti ke yo itilize anpil pou mete epi gade piblisite politik yo, sepandan piblisite politik sou platfòm sosyal yo pa regilarize nan menm fason ak piblisite ki sou platfòm medya tradisyonèl yo. Sa te kreye nouvèl opòtinite pou aktè san eskripil yo ak pètibatè yo kapab enfluyanse pwosesis politik nou an yon fason ki pa apwopriye. Ane sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze politik ki pi solid ak pi global pou kapab asire ke eleksyon yo nan Eta New York yo rete jis epi transparan, epi pou yo mete piblisite politik sou entènèt yo nan achiv pou tout moun ka wè yo, ki gen ladan:

- Ogmante Transparans nan Piblisite Politik Dijital yo;
 - Elaji definisyon kominikasyon politik Eta New York lan pou enkli piblisite dijital ak entènèt ki peye yo;
 - Egzije platfòm dijital yo pou yo mentni yon dosye piblik sou tout piblisite politik yo ki te achte pa yon moun oswa gwoup pou piblikasyon sou platfòm nan;
 - Egzije platfòm sou entènèt yo pou yo fè efò rezonab pou asire ke antite ak moun etranje yo p'ap achte piblisite politik yo pou kapab enfluyanse elektora Ameriken an;
- Etabli Vòt Antisipe;
- Adopte Anrejistreman Otomatik Elektè yo;
- Pèmèt Anrejistreman nan Menm Jou pou Elektè yo;
- Ranfòse Rezistans Sekirite Enfòmasyon pou Eleksyon yo Toupatou nan Eta a epi Defann Kont Pètibasyon Eleksyon yo;
- Kreye Sant Sipò pou Eleksyon; ak
- Devlope epi Deplwaye Twouso Sipò Sekirite Enfòmasyon pou Eleksyon yo.

Envesti nan Edikasyon

Sipòte Edikasyon K-12

Bidjè Ane Fiskal 2019 la kontinye pwogrè ki te fèt pou ranfòse rezilta edikasyonèl yo epi ogmante aksè a bon jan kalite aprantisaj atravè tout Eta New York la. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la reflekte angajman solid Gouvènè a pran anvè edikasyon atravè ogmantasyon 79.8 milyon dola sou Éd pou Lekòl nan rejyon Mid-Hudson la, ki gen ladan 22.0 milyon dola nan Foundation Aid la, pou ogmantasyon an rive 3.41 pousan.

Kontinye Bous Detid Monimantal Excelsior la

Bidjè a elve revni elijibilite pou Bous Detid Excelsior la rive 110,000 dola pou fanmi klas mwayèn yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 la ap investi 118 milyon dola pou agrandi pwogram lan nan dezyèm ane li. Nan kad bous detid la, 41 pousan, oswa prèske 17,200 etidyan inivèsitè rezidan a tan plen yo ki enskri nan inivèsite piblik nan rejyon Mid-Hudson lan ale lekòl san frè eskolè. Anplis de sa a, Mid-Hudson Valley a pral resevwa 12 milyon dola nan finansman kapital pou mentni ak modènize etablisman Ansèyman Siperyè SUNY li an yo.

Pwoteksyon ak Pwomosyon Anviwonman an

Kontinye Investisman Istorik Fon Pwoteksyon Anviwonmantal la

Bidjè Eta Ane Fiskal 2019 la kontinye sipòte Fon Pwoteksyon Anviwonmantal a 300 milyon dola – ki se pi gwo finansman nan istwa pwogram lan.

Investisman nan Pak Eta yo

Pwogram New York Works la pral gen ladan 90 milyon dola pou renove pak eta toupatou atravè eta yo, kontinye enfizyon nan dola kapital pou pak New York yo.

Investi nan Swen Sante ak Byenèt

Konbat Epidemi Opyoyid lan

Sou òdonans Gouvènè Cuomo, New York te pran mezi enteresan pou konfwonte efè lokal yon kriz adiksyon a opyoyid ki mòtèl nan tout nasyon an, ak ogmantasyon konsiderab nan kapasite tretman, sèvis sipò ki djanm yo, destwiksyon baryè kont aksè a bon jan kalite tretman yo, ak aktivite sansibilizasyon piblik ak edikasyon yo. Sepandan, malgre pwogrè sa, twòp moun New York kontinye souffri akòz adiksyon. Pou kapab abòde kriz sante piblik sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon plan global pou kapab jije konpayi famasetik yo responsab pou pèmanans epidemi an; ranfòse pwoteksyon kont adiksyon ki koze pa preskripsyon opyoyid yo; pran mezi pou kapab elimine baryè asirans yo pou tretman adiksyon ak sèvis rekiperasyon yo; epi òdone ajans eta yo pou yo mete an aplikasyon refòm règlemantè ak politik yo ki ap ogmante aksè a sèvis pou twoub itilizasyon sibstans yo. Semèn sa a, Gouvènè a te anonse tou yo pral avanse yon modifikasyon 30 jou nan bidjè a pou yo ajoute 11 tip dwòg ki idantik a fentanil nan lis sibstans reglemante eta a epi bay Komisè Sante Eta New York la (New York State Health Commissioner) otorite pou li ajoute kèlkeswa nouvo dwòg yo te ajoute nan lis federal la, sou lis sibstans reglemante eta a. Gouvènè Cuomo a te anonse tou yon modifikasyon adisyonèl ki pral ajoute 36 diferan konpoze chimik, yo konn souvan rele K2, nan lis sibstans reglemante eta a.

Mentni Elijibilite Medicaid pou Benefisyè DACA yo

Bidjè Ane Fiskal 2019 la asire benefisyè politik Aksyon Difere pou Timoun ki te vini depi piti yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA) pral rete elijib pou Medicaid eta finanse, kèlkeswa nenpòt chanjman yo ta fè oswa si yo ta mete fen nan pwogram lan onivo federal. Gen apeprè 42,000 benefisyè DACA nan New York, anpil nan yo a risk pou yo pèdi asirans sante yo genyen ki baze sou anplwa yo si gouvènman federal la ta

chanje oswa mete fen nan pwogram lan. Anba lwa New York la, yo konsidere benefisyè DACA yo kòm moun ki gen estati k ap Rezide de Fason Pèmanan Anba Koulè Lalwa, (Permanently Residing Under Color of Law, PRUCOL) epi yo elijib pou Medicaid oswa CHIP eta finanse.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)